

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5. 1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Èstétika dina Seni Raja Dogar di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XII”. Ieu panalungtikan nyoko kana perkara éstétika dina SRD. Dina ieu panalungtikan, digunakeun métode déskriptip kalayan ténik telaah pustaka, obsérsasi, wawancara jeung dokuméntasi. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal, di antarana: sajarah kamekaran SRD, prak-prakan SRD, pungsi SRD di Kacamatan Cibatu Kabupatén Garut, ajén èstétika anu nyangkaruk dina SRD, matalikeun ajén èstétika anu nyangkaruk dina SRD pikeun bahan pangajaran maca kelas XII.

Kahiji, sajarah kamekaran SRD. Gelarna SRD persisna tanggal 18 Désember 2005 di Kampung Cikarag Kacamatan Malangbong Kabupatén Garut. Taun 2007 ieu kasenian pindah ka Kampung Loji, Desa Kérésék, Kacamatan Cibatu, Kabupaten Garut. Sanggeus pindah ka Kampung Loji Seni Raja Dogar ngalaman kamekaran tug dugi ka ayeuna. SRD mangrupa seni kréasi wangun anyar anu diciptakeun ku Bapa Entis Sutisna. Sacara artistik seni ieu teu leupas tina has tradisi jeung kaayaan sabudeureun. SRD lain kasenian anu sakral, bédha jeung kasenian-kasenian tradisional ilaharna, lantaran SRD ngutamakeun kamonesan, kaparigelan jeung kakuatan pisik dina mintonna.

Kadua, prak-prakan SRD. Dina mintonkeun SRD aya dua wangun pagelaran nya éta helaran anu sok disebut “ngaleunggeuh” jeung “ngadu domba” (*adu ketangkasan*) langsung di lapangan. Pintonan SRD disaluyukeun jeung wirahma tur gerakan anu sipatna ngahibur, saluyu jeung kabiasaan sosio-budaya urang Sunda, nu mibanda sipat humor. Dina magelarkeun SRD euweuh sarat kudu nyadiakeun sasajén sakumaha ilaharna, lantaran ieu kasenian mangrupa seni inovasi anu euweuh patalina jeung karuhun tur dunya gaib.

Katilu, pungsi SRD di Kacamatan Cibatu Kabupaten Garut. Kasenian SRD salian ti jadi hiburan SRD ogé mibanda pungsi pikeun tujuan kaéndahan, kréativitas, simbol, komérsial jeung pikeun éksprésivitas.

Kaopat, Ajén éstétika (kaéndahan) dina Seni Raja Dogar ditilik tina unsur-unsur éstétis ngawengku wujud (kostim dogar, baju jeung properti, gerak jeung tari, jeung waditra), eusi jeung pintonan SRD. Kaéndahan anu nyangkaruk dina kostim dogar aya dina pamilihan bahan-bahan dipaké pikeun nyieun wangu dogar tangtu katempo pisan ajén ékstrinsik, lantaran nu tadina bahan limbah anu teu mibanda daya jual tur kaéndahan dirobah jadi hiji karya seni anu ngahasilkeun kaéndahan nya éta kostim domba Garut anu siga pisan jeung domba asli. Salian ti éta kostim domba miboga ajén ékstra éstétis atawa ajén luar éstétis, lantaran domba salaku inspirasi pikeun seniman anu nyiptakeun SRD.

Baju jeung properti anu dipaké saluyu jeung warnana. Warna-warna dina SRD mibanda ajén éstétika ngagambarkeun éksprési para pamaén diantarana warna beureum anu mibanda ajén éstétika kaayaan bungah, warna héjo jeung biru, anu mibanda ajén éstétika kaayaan tenang, warna bodas, anu mibanda ajén éstétika kaayaan suci, warna hideung, anu mibanda ajén éstétika kaayaan *suram*. Gerak jeung tari dina Seni Raja Dogar kaasup kana ajén éstétis anu murni, lantaran dina gerak, tari anu saluyu jeung tempo dina wirahma.

Waditra-waditra anu dipaké mibanda ajén éstétika saperti kendang mibanda pungsi waditra kendang nya éta pikeun ngatur irama lagu. Kalungguhan/peran waditra kendang nya éta salaku mirig jenis-jenis tarian para pamaén jeung waktu bobotoh pencak silat. Kulanter mibanda kalungguhan/peran kulantér nya éta pikeun méré variasi dina tabeuhan kendang biasa. Goong lamun ditakol mibanda sora “gung”.

Dina pintonan SRD goong mibanda pungsi pikeun panutup unggal lagu. Pungsi waditra tarompét nya éta salaku mélodi lagu. Tarompét dipaké salaku alat tiup mirig dina pintonan SRD. Waktu penca silat jeung ngadu dogar, lantaran ngadu domba idéntikna jeung sora tarompét. Kaéndahan dina pintonan SRD mibanda ajén éstétika anu mangrupa ajén éksprési. Ajén éksprési dina SRD jeung katarsis katémbong waktu pintonan pamiarsa bisa ngarasa kahibur lantaran

nimbulkeun rasa kabungah tina gerak domba basa diadu lantaran sok totolonjongan jeung hésé hudang deui lamun domba geus labuh, kitu ogé réngkak peta para pamaén bobodoran anu matak pikaseurieun.

Kalima, ajén éstétika anu nyangkaruk dina SRD bisa jadi salah sahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna matéri ngeunaan budaya nya éta “Maca bahasan kasenian”. Ku lantaran matéri ngeunaan éstétika téh kaasup kana matéri nu rada *kompleks*, jadi nu saluyu pikeun nyangking ieu pangajaran téh nya éta siswa SMA kelas XII. Dina pangajaran basa Sunda SMA kelas XII, aya pangajaran “Maca bahasan kasenian”. Matéri ngeunaan ajén éstétika anu nyangkaruk dina Seni Raja Dogar di Kacamatan Cibatu Kabupaten Garut bisa dilarapkeun dina éta pangajaran maca bahasan kasenian anu luyu jeung KTSP.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil analisis data jeung kacindekan, aya sawatara rékoméndasi pikeun lajuning laku panalungtikan maca hususna maca bahasan ngeunaan kasenian. Dipiharep ieu hasil panalungtikan ngeuyeuban kana kajembaran kasenian tradisional nu aya di Jawa Barat, hususna kasenian Seni Raja Dogar. Sangkan ieu seni teu tumpur, aya sababaraha saran diantarana:

1) Saran kanggo lembaga-lembaga kasenian

Lembaga-lembaga kasenian dipiharep sangkan leuwih ngainvénarisir kana budaya jeung seni, hususna kasenian nu aya di tatar Sunda.

2) Saran kanggo Guru

Ieu hasil panalungtikan bisa dipaké saluyu jeung *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)* nu geus disadiakeun dina bab IV.

3) Saran kanggo mahasiswa

Seni Raja Dogar bisa ditalungtik deui dina garapan anu leuwih husus, sangkan kaguar hal-hal séjén.

4) Saran kanggo masarakat umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji sarana pikeun masarakat mikawanoh leuwih jembar ngeunaan Seni Raja Dogar.